Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 1 (78046)
1 Январь
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## Мурадал тIуралеб батаги!




**БитIккейги захIмалъабиги жиндихъ гIемераб нилъер гIумроялъул цойги сон ана тарихалъухъе, нахъа тана рагъ-кьалги ракълилаб гIумроги цадахъ бачунеб 2024 сон, дандчIвай гьабулеб буго кинабго рахъалъ лъикIалде хьул гьабулеб 2025 соналда.**

Нахъа тараб сон районалъе букIана социалиябгун экономияб ва культуриябгун рухIияб рахъалъ церетIеялъул нухда иргадулаб заманлъунги букIун, районалъул гIуцIарухъанлъиялъулаб гIумроялъулъ бихьулеб лъалкI тарабльун.

Арал саназда миллиял программабазда, проектазда ва районалъул бюджеталда рекъон районалъул гIадамазул мурадал тIураялъе гIемерал хIалтIаби гьаруна районалъул администрациялъул нухмалъиялда гъоркь. КъачIана росабалъе нухал, ремонтал гьаруна цо-цо идарабазда. Цодахъаб гIуцIарухъанлъиялъулаб хIалтIуца кумек гьабуна социалиялгун экономикиял суалал тIуразе. Гьелъул хIасилалда цо къадаралъ лъикIлъана гIадамазул яшав. Гьеб абуни буго районалъул гIадамазул жигараб позициялъ кьураб лъикIаб хIасил. Дида ракIалде ккола бачIунеб соналъги гьединаб цадахъ рекъон гьабулеб хIасил кьолеб хIалтIи жеги цIикIк1инин.

Нилъ гъорлъе лъугьараб 2025 сон ракI-ракIалъ баркизе бокьун буго тIолалго районалъул гIадамазда. Биччанте цIияб сон нилъее букIине рагъ-кьал лъугIараблъун, политикияб гIумро гIодобе биччараблъун, щибаб рокъобе талихI рештIараблъун, рукъалъул гурони ургъел гьабизе кколареблъун, талихIаблъун.

Нужер киназулго ургъелал, кварилъаби арал саназулъ хутIайги, бачIараб цIияб соналъ щивасул рокъобе рохалилаб гурони хабар бачIунгеги!

Нилъер улка бикьиялъе ургъулел къватIисел къуватазе къойидаса къойиде якъинлъулеб буго Россиязги гьелъул къуватги бигьаго бекизе гьечIеблъи. Гьеб абуни хадубккун гьезие дарслъун букIа абе!

ЦIияб 2025 Соналда тIурайги нужер щивасул мурадал. Сахлъи-рохел,нужее. ЦIияб сонгун районцоял!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,
«УНСОКОЛО РАЙОН»
МОялъул БЕТIЕР**

В.В.Путинил прямая линия

## Аслияб мурад-рагъал къотIизари

**Лъалеб букIахъе дагьал цере къоязда букIана нилъер пачалихъалъул бетIер В.В.Путинилгун киналго рахъал хIисабалде росараб прямая линия. Гьелда гIахьаллъана ва суалал кьуна жалго журналистаз гуребги. Россиялъул гражданазги. Гьеб лъугIарабго жиндирго пикру загьир гьабула Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна:**

- Эфиралда Россиялъул Президентас кIвар буссинабуна



спецоперациялъул темаялде, СВОялда гIахьаллъулезе кумек -кверчIвай гьабиялде, гьениса тIад руссун хадуб рагъухъабазул букIинесеб гIумроялде. Гьенибго бицана хадубккун спецоперациял рукIине хIажалъи гьечIин рагъал къотIани,-абун. Жидеего бокьун Украиналде арал улкаялъул бахIарзал кколин бихьизабуна улкаялъул бетIерас. Хадуб районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна В.В. Путинил дунялалъулго халкъазда гьоркьоб борхараб къадруялда.

## БахIарчияв гIолилавгун дандчIвана

Анкьалъ цебе Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Украиналъул рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулев, ГьаракIуни росулъа гIолилав М.ГIабдулаевгун. Гьез дандбана рагъулаб зонаялда бугеб ахIвал-хIал ва гьениб кумек хIажатаб букIин. Бицана райадминистрациялъул нухмалъиялда гъоркь СВОялъе гьабураб кумекалъул.

Районалъул администрациялда жидеего бокьун СВОялде тIоцеве аразул цояв ккола МухIамад. Гьениб бихьизабураб бихьинчилъиялъулъ ва махщалихъ гIолилаce щвана « Жуковасул», « Кузнецовасул» медалал, вихьизавун вуго иргадулаб «Орден Мужества» кьезе.

- Дуца мисалияб къагIидаялда тIуразарулел руго киналго цере лъурал масъалаби. Хадубккун кинабго квешабщинаб лъугIилин хьул буго нилъер. Гьадинаб заманаялда спецоперация унеб бакIалъе кумек гьаби нилъер налъилъун ккола ва гьеб гьабиялъе кидаго нахъе къазеги гьечIо нилъ,-ян бихьизабуна бетIерас бахIарчияв гIолилавгун дандчIвалаго.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 1 (78046)
Хамиз
1 Январь
2025 сон



**ВатІан нилъецайин хІакъир гьабулеб
Гьелъул къадро борце дурго къадроялъ,
ВатІан гІаламалъин пакъир гьабулеб
Гьелъул къимат боце,дурго къиматалъ.
Нилъ чучал ругони чучлъула ВатІан,
Нилъ гучал ругони гучлъула ВатІан,
ВатІанги цІунизе Улкаги кквезе
Къуват кьеги нилъей, ЦІияб соналда!**



Спорталъул лъадари-сахаб гІумро

# Халкъалъе чІаголъи бикьулеб махщел



**Бегун хвараб къаркъала
Къо ккани хьадарлъула,
Къойидаса цо тІавап
Физкультураялъе кье!**

**(ЦІадаса ХІамзат)**

Чиясул гІумроялъул чІаголъи бараб букІуна гьесул вагъа-вачариялда, хІаракаталда ва гІакълуялда данде ккезабун гІумро бачиналда. Кинабго рахъалъ чиясул интеллект цебетІезабиялъе абуни кІудияб роль хІалтІизабула спорталъ. ГІадада гурелъул абулеб лъадарараб чорхолъ сахаб рухІ букІунин.

2009 соналдаса нахъе жиндирго гІумро спорталда бухьинабуна Унсоколо росулъа МухІамадов МухІамадица. Райадминистрациялъул спорталъул комитеталде специалистлъун хІалтІизеги лъугьун байбихьана гьес жиндирго захІматалъул нух. Гьелдаса нахъе ана анцІила ич1го сон. Гьабсаг1аталда М. МухІамадовас нухмалъи гьабулеб буго районалъулго спорталъул хІалтІуе. ТІубазабулеб хІалтІуе гьесул букІуна ч1ара-хьараб графикги бугеб, чІван къотІараб план. Гьелда рекъон киса-кибего росабалъ гьоркьоб заманаги рекъезабун, тІоритІула спорталъул тадбирал.

Халкъалда гьоркьоб гьабулеб хІалтІулъ чІаголъи гьечІони, гьеб чІунтараб, пайда гьечІеб рахъалде сверула. МухІамадил махщел буго хІалтІи бачунезулъ ва гІолилазулъ гьира-цІа бижизабизе. Гьедин щибаб росулъ руго гьесул спорталъул хІалтІулъе цІарал, къецал тІоритІулаго кумекалъе ратулел гІадамал. БакІазда спорталъул тадбирал тІоритІулаго гІолилаз цІикІкІараб бакІлъи тІаса босула,-ян абула МухІамадица. Гьедин жиндаго сверухъе гІолилалги руссинарун, спорталъул кумекалдалъун гІадан цебетІеялъе бугеб пайда гІолеб гІелалда бичІчІизабиялъул хІалтІи жавабчилъиялда тІубазабула гьес. Росабазул гІолилал малъичІого школалъул гІумроялда ругел 1300 гІан лъимер гІахьаллъула районалдаса спорталъулъ. Хасго гьез гьираялда къабул гьарула волейбол,футбол гІадал видал. ТІадехун рехсарал видазул полеял руго Шамильхъалаялда, Унсоколо, Майданскиялда, ХъахІабросулъ, Рихьуни, Генуб росабалъ. Волейбол-футбол хІаялда районалдаса гІахьаллъула 600 цІикІкІун чи. Гьелго росабалъ гІолилазе физкультура-спорталъулъ лъадариялъе лъикІал шартІалги руго цогидал видазда данде ккун.

Кинабго рахъалъ бихьиназда рекъараб хІай буго гугари. ЦІикІкІарал рукІуна гьеб видалъул рахъ кколелги. Гьеб бихьинчилъиялъулаб вид гІолилазда гьоркьоб тІибитІизабиялдеги кІвар буссинабун буго МухІамадица.

КІвар кьеялда гьоркь гІун рачІунел руго нилъер гугарухъаби. Гьел цере рахъуна цо районалда гурелги республикаялда, Россиялда, цогидалги халкъазда гьоркьосел къецазда.

ГІолеб гІел сахаб гІумро гьабизе ругьун гьариялъулъ цІикІкІараб роль хІалтІизабула спорталъ. ГьитІинго черхалъе лъадари щвеялъ сахлъи щулияб букІин гуребги, сахаб гІумроялдеги тІоритІула. Гьелъ квешлъабазде руссиналдаса рикІкІад цІунула гІолеб гІел. Гьебги лъикІго бичІчІун физкультураялъулгун спорталъул х1алт1ул рахъи буголъиялде кІвар кьола районалъул бетІер ГІ. НурмахІамадовасги. Амма ишалъул г1оркь ккурасухъа хІалтІи бачун бажарулеб гьечІони, гьабулелъул рахъи букІунаро. М. МухІамадовасул лъикІаб бажари буго гІадамалгун хІалтІиялъе. Гьес лъик1аб гьоркьоблъи чІезабун букІуна спорталде хурхен бугезулгун, гьезулгун дандбан гьарула тадбирал.

Гьедин хІалтІи гІуцІиялъ лъикІаб къиматги кьола М. МухІамадовасул хІалтІуе районалъул ва республикаялъул спорталъул нухмалъияз. Гьедин гьал къоязда М. МухІамадовасул ишалъулаб бажариялъухъ баркала загьир гьабураб грамота бачІана Россиялъул Президент В.В. Путинил рахъалдасан. Гьединго хІурматалъул грамотаби М. МухІамадгІалиевасе къуна РДялъул спорталъул министр С. Сажидовасги.

Чияс ракІалъ тІаса бищизе ккола махщел, гьеб гІадамазе пайдаяб бугони, талих1ав вукІуна инсан. ГІицІго гьедин бугони, бала анищазда тІегь ва вахъуна обществалъе пайда бугевлъун. МухІамад абуни вуго тІубазабулеб ишалъе ракІ кьолев ва гІадамал хадур цІазе махщел бугев инсан. Гьедин бугелъул лъикІаб даражалда бачунебги буго гьес районалъул спорталъул хІалтІи. Гьелъие нуг1лъи гьабула тІадегІанал нухмалъиязул шапакъатаз.

**САНИЯТ КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА**

Данделъи

# ЗахІмалъабаздаса рорчІиялъе



Гьал къоязда ГІ. НурмухІамадовас гьабуна Дагэнергиялъул РЭСалъул начальникасулгун дандчІвай. Гьениб цІикІкІараб кІвар буссинабуна районалъул электросетазул бугеб хІалалде, гьезда тІаде х1ал кколеб букІиналде, гьелдалъун бокьараб заманаялда цІа ккеялъул хІинкъи букІиналде ва плановияб гуреб куцалда ток къотІизабиялде. Районалъул электросеталъул нач. ХІ. Х1айбулаевас бицана кинабго гьабулеб бугин хІалтІулаб ахІвал-хІалалда гьел чІезариялъе, абун.

Электросеталъул хІалтІи битІун гІуцІиялде руссарал рахъал цере лъуна гьенив кІалъалаго ГІ. НурмухІамадовасги, рихьизаруна гьеб мурадалда тІадеги гьаризесел хІалтІаби. ХІисабалде росана мониторингалъул система лъикІлъизаби, гьедин хасало ток свиналъул захІмалъабаздаса рорчІиялъе гьаризесел тадбирал.

ТІоцересезул багъа-бачари

# Хадусеб хІалтІуе рихьизариялгун



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул минаялъуб букІана ТІолгороссиялъул лъимalазулгун гІолилазул жамгІиябгун пачалихъияб багъа-бачариялъул конференция. Гьенибго гьоркьоб лъуна «Движения первых» багъа-бачариялъул отделениялъул хІалтІуе цІияб соналъе бугеб план.

Конференциялда хІасил гьабуна отделениялъул хІалтІул, гьенибго «Движение первых» регионалияб отделениялъул хІаракатачагІазе ва кураторазе къуна шапакъатал.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 1 (78046)
Хамиз 1 Январь
2025 г

3 гьумер

# Садовод

## Страница в номере



## СРОКИ ОЖИДАНИЯ МЕДПОМОЩИ

Для выполнения базовой программы государственной гарантий по ОМС федеральным фондом ОМС выделяются значительные финансовые средства. Кроме того, в бюджете ФОМС предусмотрены расходы на оказание медицинской помощи, не включённой в базовую программу ОМС. В последнее время значительно возросли объёмы финансирования по оказанию медпомощи онкологическим больным. Программа государственных гарантий устанавливает чёткие сроки оказания медицинской помощи, сроки ожидания приёма врача и госпитализаций.

- участковый врач, врач – педиатр, врач общей практики должен принять пациента не позднее 24 часов со времени обращения.
- ожидание приёма у узких специалистов – не более 14 дней.
- плановую госпитализацию можно ждать пациенту 14 дней. Но, если это больной с онкологией, то в таком случае максимальный срок ожидания – 7 дней.
- максимальное ожидание таких исследований как КТ и МРТ
составляет 14 дней, при онкологии – не более 7 дней.
- медицинская помощь в стационарных условиях в экстренной форме
оказывает безотлагательно до 20 минут.
- время доезда до пациента бригад скорой медицинской помощи при оказании скорой медицинской помощи в экстренной форме не должно превышать 20 минут с момента ее вызова.
- срок ожидания первичной медикосанитарной помощи в неотложной форме не должен превышать 2-х часов с момента обращения пациента в медицинскую организацию.
- срок установления диспансерного наблюдения врача-онколога за
пациентом с выявленным (подозрением) онкологическим заболеванием не
должен превышать 3 рабочих дней с момента постановки диагноза
онкологического заболевания.
- сроки ожидания оказания специализированной медицинской помощи (кроме высокотехнологичной), в том числе для лиц, находящихся в стационарных организациях социального обслуживания, не должны превышать 14 рабочих дней со дня выдачи лечащим врачом направления на госпитализацию.
- для пациентов с онкологическими заболеваниями этот срок сокращается до 7 рабочих дней с момента гистологического подтверждения опухоли или с момента установления предварительного диагноза заболевания.

При выявлении злокачественного новообразования лечащий врач направляет пациента в специализированную медицинскую организацию по онкологии для оказания специализированной медицинской помощи в установленные Территориальной программой ОМС сроки.

В медицинских организациях, оказывающих специализированную медицинскую помощь в стационарных условиях, ведётся лист ожидания специализированной медицинской помощи, оказываемой в плановой форме, и осуществляется информирование пациентов о сроках ожидания в доступной форме.

Ознакомиться с Территориальной программой обязательного медицинского страхования граждане имеют право в медицинских организациях, страховых медицинских организациях, Территориальном фонде ОМС Республики Дагестан, а также на сайте www.fomsrd.ru.

При возникновении вопросов по оказанию медицинской помощи в рамках Территориальной программы ОМС, а также при нарушении прав граждан на получение бесплатной медицинской помощи по обязательному медицинскому страхованию необходимо обращаться на горячую линию единого контакт-центра системы ОМС по **телефону 8-800-22-22-905** (звонок бесплатный), который функционирует круглосуточно.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД**

## Центр занятости МО «Унцукульский район»

Центр занятости в МО «Унцукульский район» информирует безработных граждан и граждан, готовых к переезду с целью трудоустройства о наличии острой кадровой потребности в специальностях в сфере строительства, в том числе инженерно-технического состава, на предприятиях Краснодарского края по следующим вакан
Электромонтер
Формовщик
Водитель автомоб
Уборщик
Моторист бетоносмесительных устано
Электрогазосварщик
Маляр -герметчик
Кровельщик и тд
Уровень заработной платы составляет от 20800 до 115000 рублей, в зависимости от профессии и квалификации работника. За подробной информацией вы можете обратиться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» ул.М.Мустафаева 30.

**ГКУ РД ЦЗН в МО Унцукульский район**

## Автономный пожарный извещатель



С каждым годом статистика пожаров с гибелью людей не радует. При этом наибольшее количество пожаров и жертв огня наблюдается в жилом секторе. Остается уповать на здравый смысл самих жителей! Так как же обеспечить безопасность себя и своих родных? Если обратится к мировому опыту, то здесь на первое место выходят автономные дымовые пожарные извещатели раннего обнаружения пожаров. Эти устройства действительно спасают жизни! Пожарный извещатель - эффективный прибор для предупреждения и обнаружения возгораний.

Автономный пожарный извещатель - это специальное устройство, реагирующее на определенный уровень концентрации аэрозольных продуктов горения веществ и материалов, в корпусе которого конструктивно объединены автономный источник питания и все компоненты, необходимые для обнаружения пожара и непосредственного оповещения о нем.

На сегодняшний день автономный пожарный извещ тель (сокращённо его называют АПИ) является одним из наиболее эффективных средств по предупреждению гибели людей от пожаров. АПИ выделяются среди средств активной защиты от огня, поскольку могут реагировать на дым на ранней стадии возгорания и способны звуковым сигналом своевременно предупредить жителей об угрозе пожара. Громкость и частота звука у извещателя такова, что он способен разбудить даже крепко спящего человека.

Установка АПИ на потолке не требует прокладки сп циальных линий пожарной сигнализации и применения дополнительного оборудования. Нужно лишь не реже одного раза в год менять батарейки и периодически продувать пылесосом камеру с оптико-электронным датчиком.

Согласно небольшой статистики в большинстве суб ектов Российской Федерации в рамках целевых региональных и муниципальных программ в 2022 году автономными пожарными извещателями оборудовано 250 тысяч мест проживания многодетных семей - 15% от общего количества. Своевременная сработка АПИ содействовала спасению в 2022 году 646 человек, в том числе 249 детей. Во многих случаях раннее обнаружение пожара позволило минимизировать ущерб имуществу граждан.

Правила эксплуатации пожарных извещателей достаточно просты, а их стоимость неизмеримо ниже, чем потери даже от самого небольшого возгорания. Установив такой прибор в своем жилье, вы обезопасите не только имущество, но и свою жизнь.

# Дир гьари



Шагьри моцIрол канлъухъ квералги рорхун
КагIбаялде юссун гьарулеб буго,
Гьал нижер васазул гIумро бахъулеб
Г1ассияб рагъуе ахир лъейилан.

Америкаялъул рагъул базаби
Балагьги тIаде щун, щущан айгиян,
Щибго гIакълу гьечIев, гьев г1урччинавги
ГIадалъ гуллаги щун, шагьидлъагиян.

Щванщинаб бакIалда рагъ багъарулев
Байденги гIажалалъ жинхъе ахIеян,
Жиндирго ВатIанги халкъги цIунулев
ЦIодорав Путиний гIумро кьегиян.

**СУАЙБАТ ХIАМЗАТОВА**

# Рагъал хIажат гьечIо

Дун гьаб дунялалда вижаралдаса
Рагъул махI къотIараб заман букIинчIо,
Добасан,гьанисан гьаб ракьалда тIад
Кьвагьи сасараб мех, дида рагIичIо.

Дидаги бихьана гьеб рагъул кьогIлъи
ГIолохъанго эмен рухIги кьун хведал,
Чанго миллионал дир гIелбащадал
ГIумроялъ хутIана рагъул лъималлъун.

Дун,дица-ян абун заралги рукъун
КъваригIунищ бугеб гьаб питначилъи,
Чорокал харбазул гIоркь щула кквезе
Щибжо камун бугеб аб дунялалда!?

Рагъда хвел щвезейищ халкъ бижун бугеб
Хирияв Аллагьас тIолго ракьалда?
Кьалул коронисан рахъунгейлан
Хъубал щайтIабийщ тIад рекIун ругел?

Жеги гIумроялъул рахIат бихьичIел
Чан гIолилав арав,аб дунялги тун,
ГIисинал лъималги бесдаллъизарун
Чан багьадурзабаз берал къанщарал!

# ЦIияб соналъул гьари



Дунялалъул халкъал рагъде ахIулел
Натоялъул кьалбал кьварун ракьваги,
Миллатазда гьоркьоб питна бекьизе
«Чагъана» хъвалезде «Хъурмал» кIанцIаги!

Чияр ракьалда тIад ханлъи гьабизе
Хиял гьабулезде хвел гIагарлъаги,
Неонацисталги, бандеровцалги
ГIажалги тIаде рештIун ракьулъе ккаги!

Украинаялда бергьенлъи босун
Россиялъул васал рукъой руссаги,
Чвантил гуронани халкъалъул ургъел
ГьечIел хIакимзаби гьороца аги!

Дун, дица-ян абун жалго рещцулел
«Багьардурзабазде»-балагь рештIаги,
Щибаб шагьаралда гIемерлъун ругел
Ришниязул гохIал мигьлъун лъугIаги!

Рахьдал мацI цIунизе цере рахъунел
ВатIан хирияца цIеги Дагъистан!
ГIарац бихьарабго гьимун-роххулел
Тохтурзабазул тIел,тIагIаги даим!

ГIи-бицIцIи хьихьизе тадбир гьабулел
ГIухьби гIемерлъаги гIиязда хадур,
Заз-хъарахъаз цIурал хурзал рекьизе
РакIалде ккаразе кири ц1ик1к1аги!

ЧIунтарал росаби цIи-гьарун разе
ТIад руссун рачIунел васазе- сахлъи!
Улка бечелъаги,рагъал лъугIаги
Ракълил заман бачIун, боххаги гIалам!

**ТIАЛХIАТ АХЪБЕРДИЕВ**
**Россиялъул хъвадарухъабазул ва журналистазул Союзалъул член, захIматалъул ветеран**

Дагъабго гьими

# Махсаро-хочI

Лъалев хъвалесда цояс абула:
-Унго ле хисун бугеб куц гьаб гIумро.
-Щиб ккараб,- ян цIехола данде вугес.
-Жакъа цо хералъ смартфоналда хIалев васасе нух бахине кумек гьабулеб бугоан...

***

Инсуца лъималазе кIиязего бикьизе,- гIарац кьола.
-Вац: кин бикьилеб!
-Яц: кинабго бикьила вацлъиялда!

***

Дур овчаркаялъ хъулухъалъулал гьабзазул курсал лъугIанищ.
-Дир ракI хвезабуге. Гьелъ доба дарсал кьолел руго.

***

Шагьаралда дир вас вихьани, хъармухъ чаялъул цо плитка битIе дие,-ян абе гьесда,-ян абуна херай ХIабибатица.
Гьелъул васги вихьичIого мадугьалас жинцаго босула ХIабибатие хъармухъ чаялъул бащдаб плитка ва гьелъухъе кьола. Росулъе жиндирго вас вуссун хадуб ХIабибатица васасда абула:
- ТIокIалъ мадугьаласухъ дуца дие босараб жо битIуге, дуца битIараб чаялъул плитка гьес бащдаб жиндиего тана,-абун.

* * *

-Кинав тохтур гьев кколев, гьес щивниги сах гьавулев гьечIогури,- ян абуна ГIусманица Рашидил хIакъалъулъ.
-Дов вугоха историялъул гIелмабазул доктор,-ян абуна дандияс.
-Кин бугониги щиб, гьев доктор кколелъул.

# Найил гьоцIо

ГIемерал санаца гIадамазул кванида гъорлъ гьуинлъилъул букIана цохIо найил гьоцIо. Гьанжейин абуни гьуинлъи гIемер буго, амма гьоцIо гIадинаб чорхое пайда бугеб цониги нигIмат гьечIо. Гьелда гъорлъ руго сахароза, глюкоза ва фруктоза гIадинал гIадамасул чорхое пайда бугел жал. Гьелъул гIуцIи, кьер, бакъвалъи букIуна нектар бакIарараб хурдуздаги, гьеб тIад бижулеб ракьалдаги бараб. Гьединго гьацIулъ кидаго букIуна хурдузул пыльца, гьелъ кьола гьелъие белкаби, витаминал ва микроэлементал.
Бищун лъикIабги бищун гIемерабги букIуна рохьил пихъазул гьоцIо.



Пихъ кьолеб гъутIбуздасаги наязухъе гьоцIо гIемер щоларо.
Гречкаялъул гьоцIо лъикIаб букIуна би дагьлъараб мехалъ. ЛъикIаб гьоцIоялъ гурони чIваларо микробал. Цоги гьелъул лъикIлъи бараб букIуна наял лъураб бакIалъул-полеялъул рацIц1а-ракъалъиялда. ХвечIого букIине ккани гьоцIо цIунизе ккола, гьури чIвалеб, регьел щолареб бакIалда. Гьелда аскIоб махI цIикIкIарал жал лъезе бегьуларо, гьелъ махI хехго босулелъул. Цо литра гьацIул бащад букIуна цо килограммгун 420 граммалда. Цо кило гьацIул щвезе ккани наял роржине ккола 8 миллион тIегьалде.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

**Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21**
**Подписано в печать - 01. 01. 25 г. 15. 30 фактически -17. 00 мин.**
**........................................**
**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках**
**Тираж - 1002 экз.**